кўрсатилган. Тизимнинг ишчи майдонинг қулай ва ўзида дастурлашни ўрганиш учун етарли ресурсларни ташкил қилади. Тизимнинг иш майдонида мавзу бўйича материаллар, кўрсатмалар тўпламидан иборат вазифа, топшириқни бажариш бўйича маслаҳатлар, скриптлар тўплами майдони ва код натижасини кўрсатадиган консол эмулятори шаклида тақдим этилади. Ушбу тизим билим олиш кетма-кетлик натижасида олиб борилади. Ушбу тизимнинг альтернатив тизимлардан ўзгачалиги ўзбек тилида бўлиб, кенг фойдаланувчилар учун мўлжалланган.

**Хулоса ва таклифлар.** Хулоса қилиб шуни айтишимиз мумкинки, олий таълимда электрон таълимни жорий этиш, электрон таълим шаклини фойдаланишни йўлга қўйиш бир неча йиллар давомида амалга оширилиб борилмоқда. Мустақил таълим дарсларида самарадорлик ўқув йилининг биринчи ярми якунида таҳлил қилинганда, фанларда ўзлаштиришлар сифати 7-10 фоизга, шу билан бирга мутахассисликга кириш учун йўналишларини танлаганлар 10-12 фоизга ошганлиги аниқланди. Демак, дастурлаш технологияларини ўрганиш учун мустақил таълимда ушбу усулларда фойдаланиш яхши самара бериб қолмай, талабаларда замонавий технологиялардан фойдаланиш кўникмаларини ҳосил қилади.

**Адабиётлар**

1. Мирзиёев Ш.М. Ўзбекистон Республикаси Олий таълим тизимини 2030 йилгача ривожлантириш Концепцияси. 2019 йил 8 октябрь, ПФ-5847-сон.

2. Atadjanov, H. (2020). Students’motivation and independent work of students in an online and blended learning environment. Central Asian Problems of Modern Science and Education, 2020.

3. Голубничий А.А. Современные методы и средства обучения программированию/А.А.Голубничий К.А.Чернявская//Бюллетень науки и практики.–2018.–Т.4, №6.С.368-372.-DOI 10.5281/zenodo.1290040.–EDN URZQWP.

4. Власова Н.С. Особенности подготовки веб-разработчиков в высшей школе / Н. С. Власова // Проблемы современного педагогического образования. 2021. №70-4. -С.82-86.

5. Lamanauskas V., Makarskaite-Petkeviciene R. 2021. Distance Lectures in University Studies: Advantages, Disadvantages, Improvement. Contemporary educational technology, 13(3)

6. Хайтуллаева Н.С. Лойиҳавий фаолиятда Web 2.0 имкониятлари//Таълим жараёнига ахборот коммуникация технологияларини тадбиқ қилиш муаммолари. Республика илмий ва илмий-техник анжуман материаллари. –Андижон: 2017. 51-53-б.

7. Файзиева М. Ўқув жараёнига мослашувчи Web тизим ёрдамида “Web дастурлаш” фани дарсларини ташкил этиш // Физика, математика ва информатика. – Тошкент: 2017. №2. 89-97.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада олий таълим тизимда веб-дастурлаш бўйича мутахассислар тайёрлашнинг ҳолатлари кўриб чиқилган. Web-дизайн ҳамда web-дастурлашни мустақил таълим орқали компетенцияларини шакллантириш бўйича критериялар кўрсатилган. Веб-технология ва дастурлаш фанларидан талабаларнинг мустақил ишларини ташкил этишда онлайн тизимлар фойдаланиш ўрганилган.

**РЕЗЮМЕ**. В статье рассмотрен опыт подготовки веб-разработки в высшей школе. Определены критерия обучения, направленные на формирование определенной компетенции бакалавров по самостоятельные работы в сфере web-дизайна или web-программирования. Изучены онлайн-системы в организации самостоятельной работы студентов веб-технологий и программирования.

**SUMMARY**. The article considers the experience of preparing web development in higher education. The training criteria are determined, aimed at the formation of a certain competence of bachelors for independent work in the field of web design or web programming. Studied online systems in the organization of independent work of students of web technologies and programming.

## QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTANLARÍ MÍSALÍNDA OQÍWSHÍLARǴA ÓZ ARA BIRGE ISLESIWDI ÚYRETIWDIŃ ÁHMIYETI

**J.R.Bekbagambetova –** *tayanısh doktorant*

*Ájınıyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** kolloboratsiya, doston, ta’lim, o‘qituvchi, o‘quvchı, metod.

**Ключевые слова:** коллоборация, эпические произведение, образование, учитель, ученик, метод.

**Key words:** collaboration, epic poem, education, teacher, student, method.

Dástanlar qaraqalpaq xalıq awizeki dóretiwshiliginde úlken orın iyeleydi. Qaraqalpaq xalqınıń ásirler dawamında dóretken kórkem-tarıyxıy shıǵarmaların “Alpamıs”, “Sháryar”, “Máspatsha”, “Qoblan” dástanlarısız kóz aldımızǵa keltire almaymız. Bul dástanlar ishinde “Edige” niń óz aldına tutqan ornı bar. Sebebi, dástan mazmunınıń tariyxiylılıǵı jaǵınan bolsın, kórkemliligi, sózleriniń tásirliligi jaǵınan bolsın, sol zamannıń qayǵı-ǵamın, dártin, ármanların sheber kórsetiwi jaǵınan “Edige” ge teńlesetuǵın dástan joq desek qátelespeymiz [1:126].

Dástanda tıykarınan Edige batırdıń sáwer yarı- Qaraqas hám jaqın doslari Ańgısın menen Tıńgısın unamli qaharmanlar qatarında bolıp, kolloboraciya (óz ara birge islesiw) belgilerin usi qaharmanlar mısalında kóre alamız. Máselen: Edige dey batırdıń az noǵaylı elinde toqsan dostı bar edi. Toqsan dostın Edige jıynap alıp, awlaqta ishki sırın bayanlap:

-Há doslarım, doslarım!!! Aldımda meniń aǵam joq, ya keynimde inim joq, sizlerden basqa súyenetuǵın tuwım joq, meniń noǵayda jasamaǵım qáwip boldı. Sen eki adam gáplesse, gáp mánisin ańǵarıp, dos-dushpannıń kim ekenliginen maǵan xabar ber, men qıyın-qıstaw jerde qalsam, doslıq sırımdı ańlatıp gáp sóyle, atıń Ańǵısın bolsın jora,- dep bir dostısınıń atın Ańǵısın qoyadı.

Ekinshi birewine: -Jasırın gáp tıńla, dos dushpanlıq gáp tawıp qulaǵıńdı túrip júr. Men qiyin jerde qala ǵoysam, iǵlam berip qashagór jora, men dostıń Tıngısınman dep aytarsań,-dedi. Bul dostısınıń atın Tıngısın qoydı [1:153]. Al, Edigeniń yarı-Qaraqastıń boyınan qaraqalpaq hayalqızlarına tán bolǵan unamlı páziyletler jasırıngan. Edigege qılınǵan ádalatsızlıqlar zárdabında batır óz elinen basqa ellerde músápirlikte turmıs keshiriwge májbúr bolǵan. Hátteki, Toxtamıs xannıń adamları Edigege dushpanlıq qılıp óltirmekshi bolǵanında, ómirlik qostarı - Qaraqas Edigeniń qashıwına járdem bergen hám onı hárdayım qollap-quwatlaǵanın tómendegi qosıq qatarları arqalı bilsek te boladı.

Qaraqas atlı alǵanı,
Buwırshın atın jetelep,
Kóringen jandı keselep,
Aynalısh joldı tótelep,
Jaw-jaraǵın qushaqlap,
Kózden jası monshaqlap,
Yarınıń tilegin tilep,
Yaratqan dep zar jılap,
Mártti atqa mindirip,
Jaw-jaraǵın bókterip,
Qutılarǵa jol berip,
Tum-tusına qashadı,
Qaraqas atlı alǵanı. [1:155]

Solay etip, Edige menen Qaraqas ómirinde ayrılıq kúnleri baslanadı. Qaraqas usınday qıyınshılıqlar artınan

jaqsı kúnlerdiń keliwin kútip jasay beredi. Hám ay kúni jetip, Nuratdın atlı batırdı dúnyaǵa keltiredi hám balası ushin ómir súredi.

Dástanda kolloboraciya belgileri kóbinese Edige hám Qaraqas ortasında ushrasadı. Jáhán ádebiyatında kemnen-kem ushrasatuǵın batır qızlar haqqındaǵı dástan-Qırq qız dástanı bolıp tabıladı. Dástan Qurbanbay jıraw tárepınen 1939-1940-jıllarda jazıp alınǵan. Dástandaǵı baslı qaharmanlar-Ǵulayım, Allayar (Ǵulayimniń ákesi) Sarbinaz, Arslan, hám Altınaylar óz ara birge islesiw(kolloboraciya) diń barlıq belgilerin ózinde jámlestirgen. Xosh, kolloboraciya belgilerin biz qalay túsinsek boladı. Kolloboraciya-ulıwmalıq maqsetke erisiw ushın qatnasiwshilardıń(hár qanday adamlar toparı) ideya hám imkanıyatlarınıń birlesiwi. Al, onıń belgileri tómendegishe; (1-súwret)




Gúlayımnıń asqar tawı ákesi-Allayar bay qızınıń qálewi bolǵan "Miywalı" atawın oǵan inám etedi. Áke kewilim tınısh bolsın dep qızımnan, "Qırq qız" dı da aldırtadı qasina. Sol qirq qız benen birgelikte, Gúlayım "Miywalı" degen atawın baǵqa aylandıradı. Atawına dushpan kire almastay qılıp dárwaza saldıradı, sol dárwazanıń bır jaǵın úsh júz adam shaqırıp zorǵa tiklep qoydıradı. Usılay etip,Gúlayım qırq qızǵa basshılıq etip, hár biriniń qolına qılısh berip batırlıqqa hám óz ara birge islesiwge úyretedi.

Qılısh berip qolına
Batırlıqqa úyretti
Aqıllı tuwǵan Gúlayım
Qırq qızǵa etti ziynetti
Qarıwlanıp qırq qızı
Atlarına minedi
Tórt bólinip on onnan,
Jaw bolıp baǵqa tıyedı.
Qarsı shıǵıp jigirması,
Qara shashın túyedi.
Kelgenlerdi qırǵan bolıp,
Awdarıp alıp atınan,
Bir jerge bárin úyedi [2:5].

Kolloboraciya yaǵniy óz ara birge islesiw- ómirimizdiń hár bir tarawında tálimde, sawda-satıqta, kórkem-óner, sportta da ushrasadı. Tálimde kolloboraciya nı oqıwshılardı toparlarǵa bóliw arqalı úyretsek boladı. Bunda oqıtıwshı oqıwshılardı úlken yamasa kishi toparlarǵa bóliwi arqalı olarǵa arnawlı tapsırmalar beredi. Óz ara birge islesiw nátiyjesinde oqıwshılarda tómendegi kónlikpeler rawajlanıp baradı;

- Erkin pikirlew
- Jeke rawajlanıw
- Juwapkershiliktı seziniw

Tapsırmalardı orınlaw dawamında oqıwshılar arasınan lider yaǵnıy topar basshısı saylanıp alınadı. Joqarıdaǵi mısallarımızdan kelip shıǵıp aytatuǵın bolsaq, "Qırq qiz" dástanındaǵı Gúlayım- topar basshısı, al qırq qız bolsa topardaǵı qatnasıwshılar bolıp tabıladı. G.I.Shukinanıń pikirinshe: "Tálimde belsendilikti támiynlewde oqıtıwshı hám oqıwshılar arasındaǵı óz ara birge islesiwdi shólkemlestirgen halda ámelge asırıw múmkin" dep esaplaydı [3:36-37].

Dástanda Xorezmnıń batırı Arslan hám onıń qarındası Altınay obrazlarında da óz ara birge islesiw, tatıwlıq, awızbirshilik sıyaqlı páziyletler bar. Batır hár qanday juwapkershilikli islerde sheshim qabıllawda qarındası Altınay menen aqıllasıp oylasıp sheshim qabıl etetuǵın bolǵan. Tómendegı qosıq qatarlar gápimiz dálliyli esaplanadi.

Inisindey kóredi
Ol da qayda barsa da
Altınayday qarındasın
Keynine ertıp júredi [2:99].

Arslannıń dushpanı bolǵan- Nádirsha Qulımsay day dostısın araǵa salıp bolmaǵan islerdı boldı dep Arslandı xalıqqa jaman atlı kórsetedi. Batır bolsa bunday jaman atqa taqat ete almay el-jurttan bas alıp ketpekshı boladı. Sonday awır gezde qarındası Altınay bul jamanlıqlar dushpanlar tárepinen islengenin bilip aǵasına dálde boladı. Egerde, Xorezmdı taslap ketseń, xalqınıń ahwalı awırlasıp zalım Nádırshanıń qolında qalar dep aqılın beredi. Arslan qarındasınıń aqılın aladı. Bunı esitken Nádırsha: "Qarındasınıń aytqanın quranday-aq kóripti" dep tuwısqanlardıń tatıwlıǵına tán beripti [2:116]. Biraq aradan kóp waqıt ótpey, Arslan batır Xorezmdı taslap ketiwge májbúr bolǵan. Nádırshanıń maqsetı-Arslandı Xorezmnen joq qılıp xalıqqa basshılıq etiw hám Altınaydı ózine yar qılıw edi. Dástan sońında Sarkop penen Xorezm ellerı jawızlardan tazalanıp, Arslan menen Gúlayım murat-maqsetine jetedi. Álbette, usınday qıyınshılıqlar artınan murat-maqsetke erisiw kolloboraciya(óz ara birge islesiw) nıń arqasında desek qátelespeymiz.

Juwmaq ornında sonı aytıwımız múmkin, kórkem-tarıyxıy shıǵarmalar yaǵnıy dástanlar mısalında óz ara birge islesiw oqıtıw metodıdan paydalanıw tómendegi nátiyjelerge alıp keledi:

● oqıwshınıń úyreniw procesin bayıtadı;

● oqıwshılarǵa kognitiv (qorshaǵan ortalıq-álem haqqındaǵı bilim sheńberin keńeyttiriw, biliwdı rawajlandırıw) maǵlıwmatlar beredi;

● oqıwshılarda materialdı úyreniwge degen qızıǵıwshılıqtı oyatadı;

● oqıwshılardıń óz shaxsıy bilim hám dúnya qarasların qáliplestiriw imkanıyatların keńeytiredi;

● oqıwshılar turmısqa tayyarlanıwı ushın zárúr bilimler beredi.

## Ádebıyatlar

1. "Edige". Qaraqalpaq xalıq dástanı. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1990.
2. "Qırq qız". –Nókis: «Jetı ıqlım», 2022.
3. Щукина Г.И. Исследование активизации учебно-позновательной деятельности. // Советская педагогика. –Москва: 1983. № 3. -С. 36-37.

**REZYUME.** Maqolada ta'lim samaradorligi uchun xizmat qiluvchi 4K modelining biri- kolloborativ ta'lim (hamkorlik) haqida so'z etiladı. Qoraqalpoq xalq dostonları "Edige" va "Qırq qız" mısoli da o'quvchilarda kolloborativ ko'nikmalarni rivojlantirish va hamkorlikga asoslangan misollar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается об одной из моделей 4К, коллоборативного обучения эффективности образования. Напримере каракалпакских народных эпических произведения "Едиге " и "Кырк кыз" основанные на развития у учащихся коллаборативных навыков и сотрудничества.

**SUMMARY.** The article talks about the 4K model, which serves the result of collaborative education, that is, mutual cooperation. On the example of Karakalpak folk epics "Edige" and "Kirk kiz", examples of developing a collaborative environment and mutual cooperation among students are narrated.